

HomeBASE avèk Lojman pou Ijans pou Fanmiy Sanzabri ak Timoun yo avèk Fanm Ansent

Kisa HomeBASE ye?

HomeBASE se yon nouvo pwogram lojman pou fanmiy san kay avèk timoun yo ak pou fanm ansent. Li kòmanse nan 1^{mye} Out 2011.

HomeBASE kapab ede peye lwaye avèk lòt depans lojman pou jis nan 3 zan. Wou dwe swiv yon plan estabilizasyon.

Kisa HomeBASE kapab peye?

Yon apatman pou wou rete pandan wap chèche lojman (si wou pa genyen okenn lòt kote ansite pou wou rete) **e oubyen**

A. Jiska \$4,000 pa ane pou ede wou rantre nan nouvo apatman wou oswa rete avèk lòt moun **oswa**

B. Yon sibvansyon pou ede w lwe yon apatman bapri. Wap gen pou wou peye 35% revni wou pou lwaye avèk itilite.

Kisa yon Plan Estabilizasyon ye?

Yon Plan Estabilizasyon se yon plan pou ede wou rete nan lojman sibvansyone.

Wou dwe peye lwaye wou alè e wou fèt pou wou yon bon lokatè. Wou kapab genyen pou wou al travay oswa ale nan trening, ekonomize lajan wou e kenbe pitit wou lekòl.

Anvan wou siyen yon Plan Estabilizasyon, asire wou pou:

1. wou **konprann** plan an eke
2. wou **kapab fè** sa ki nan plan an.

Si w pa swiv plan sa a, fanmiy wou kapab pèdi HomeBASE la. Wou ka pa kapab jwenn èd ankò pou 2 zan plen.

Kòman m kapab jwenn HomeBASE?

Aplike pou Assistans pou Ijans(AI) nan biwo DTA (Welfè) wou a avèk yon Travayè Sosyal nan yon Depatman Lojman avèk Devlopman Kominite (DLDC).

Wou dwe:

- genyen timoun oswa wou ansent
- genyen revni trè ba
- wou sanzabri oswa wou pral vin sanzabri nan kèk jou
- pa genyen yon kote ansite pou wou rete, epwi
- wou dwe konfòm ak lòt regleman AI.

Eske fanmiy m kab ankò jwenn lojman nan ijans si nou bezwen li?

Si wou pa genyen yon kote ansite pou wou rete e wou sanble w elijib, **DLDK (DHCD) dwe mete wou nan lojman AI (EA) oswa yon HomeBASE pou tan-kout touswit.**

Si DLDC (DHCD) ba wou yon lojman ansite pou wou rete pa entèmèdyè HomeBASE la, wou pap kapab jwenn lojman AI (EA).

Si wou se yon paran nan laj mwenske 21 nan, DLDC (DHCD) ap mete wou nan yon lojman AI (EA) avan yo ba wou pwogram HomeBASE la.

E si DLDC (DHCD) pap ban mwen lojman oswa kalite èd HomeBASE la mwen bezwen an?

Pa refize yon plasman HomeBASE. Wou kapab pèdi chans wou pou lòt èd. Men **wou dwe rele mande konsèy:**

Pou lokalize biwo sèvis legal wou yo, rele Sant Entèsasyon ak Resous Legal la (Legal Advocacy & Resource Center) nan 1-800-342-5297 oswa al nan www.MassLegalHelp.org/find-legal-aid, oswa rele Koalisyon Massachusetts pou Sanzabri nan 781-595-7570 ext. 17 (Massachusetts Coalition for the Homeless at 781-595-7570 ext. 17) .